



The Haitian Immigration Legal Assistance Program

Kominike, Kominike

Atansyon tout ayisyen nan kominote-a

Nou pral ede-w ak kesyon imigrasyon epi ede-w aplike pou stati tanporè pwoteje (TPS)

**Ou pap peye anyen – sèvis la gratis
Chak moun ki vizite nou ap pale ak yon avoka
Nou pa travay pou gouvènman-an**

Men dat pou ou vini: 1, 2, 3, 8, 9, ak 10 Mas 2010, 10:00 nan maten pou 5è nan apre midi

**Adrès kote pou ou vini: Linden Boulva nimewo 123, Brooklyn New York
Nan biwo HAITIAN CENTERS COUNCIL, INC**

Si ou gen dokiman sa yo ki nan lis la, pote yo nan jou vizit-la.

Si ou pa genyen dokiman sa yo, vini kan menm, nou ka ede-w

- Prèw ki montre ou se sitwayen ayisyen
- Infòmasyon ki montre kouman ou te rantre ozetazini pou premye fwa
- Nenpòt dokiman ki montre ki lè ou te rantre ozetazini epi nenpòt dokiman ki ka montre ke ou te ozetazini jou 12 janvye 2010 oswa avan sa
- Nenpòt papye ke ou te aplike pou li nan imigrasyon oswa resevwa nan men imigrasyon
- Si ou ka peye pou TPS aplikasyon an, pote yon chèk oswa mone odè sou non “US Department of Homeland Security” pou ou kapab voye aplikasyon an ale (Pa Pote Lajan Kash)
- Konbyen kòb ou ap peye pou TPS la (Frè):
- TPS aplikasyon ak papye Travay = 470 dola
- TPS Selman (san papye travay) = 130 dola
- Ti Moun ki gen mwens ke 14 an = 50 dola
- Granmoun ki gen pase 65 an = 130 dola

Si ou pa kapab peye, nap ranpli yon fòmilè pou mande leta pou retire frè yo pou-w. Lè sa-a fòk ou pote dokiman ki kapab pwouve:

Nenpòt benefis ou resevwa

Nenpòt papye ki montre kantite lajan ou fè chak ane nan travay ou

Nenpòt papye ki montre gwo depans ou tankou resi doktè, resi lopital

Se Brooklyn Defender Services, Brooklyn Bar Association, Volunteer Lawyers Project, Brooklyn Women’s Bar Association ki ap organize klinik sevis legal sa.

Pou plis enfòmasyon gade nan website nou www.BDS.ORG

Oswa ou ka rele pou plis enfòmasyon nan 888-898-0700